

PULUHAN pengemis menyerbu kota kami. Mendekati hari raya Idul Fitri jumlah mereka semakin bertambah. Bisa mencapai ratusan. Mereka mendatangi rumah-rumah, warung-warung, dan toko-toko. Juga lapak-lapak penjual makanan.

Yang menarik, hampir semua pengemis adalah laki-laki tua. Tubuhnya kurus dan wajahnya tirus. Penuh kerut. Rambutnya serupa kapas. Mereka berjalan sempoyongan.

Banyak orang bilang para pengemis itu turun dari bukit-bukit yang tandus. Mereka muncul dari rekahan-rekahan tanah kering, tanpa humus. Hujan begitu mahal. Mewah. Tanaman jagung, *pari gogo*, dan palawija mengering dibakar matahari.

Kota kami menyambut mereka dengan hangat. Banyak warga selalu menyisihkan uang atau makanan buat para pengemis itu. Umumnya warga yakin, dengan memberikan sedekah maka mereka akan mendapatkan pahala yang berlipat-lipat. Rezeki pun makin lancar. Begitulah warga kami, selalu tak mau rugi dalam beramal.

Jika rembang petang tiba, jumlah pengemis itu “meledak”. Mereka memadati jalan-jalan dan berkerumun di Alun-alun. Mereka menikmati minuman dan makanan untuk membatalkan puasanya. Umumnya mereka memang mengaku puasa. Soal benar dan tidaknya, warga kami tak peduli.

\*\*\*

Terjadinya ledakan jumlah pengemis di kota kami, punya kisah yang unik. Suatu petang, warung Bu Ladrang didatangi pengemis tua. Penampilannya persis gembel. Rambutnya berantakan. Wajahnya penuh kerutan-kerutan. Memelas.

Bu Ladrang, tanpa perasaan apa pun, langsung memberi pengemis itu sebungkus nasi, segelas teh hangat, dan uang. Pengemis itu menerimanya dengan tangan gemetar. Mungkin karena seharian dia tidak makan.

Sambil melayani banyak pembeli, Bu Ladrang masih sempat melihat pengemis tua itu makan. Sangat lahap. Bu Ladrang tersenyum. Namun

Bu Ladrang tersengat. Jantungnya berdegup kencang. “Lalu kedatangan pengemis itu, pertanda apa, Pak Kiai?”

“Kamu bisa melihat dan merasakannya sendiri dalam seminggu ke depan Ö”

Hari-hari selanjutnya, Bu Ladrang dibuat kaget. Takjub. Warungnya sangat laris. Jika sebelumnya ia menanak nasi 3 kilo, kini bisa mencapai puluhan kilo. Begitu pula terjadi peningkatan daging, ikan, sayuran, buah, gula, teh, kopi, tahu, tempe, dan bahan lainnya. Omzetnya bisa mencapai Rp 25 juta sehari, dengan keuntungan Rp 10 juta lebih.

Kabar kesuksesan Bu Ladrang menyebar ke mana-mana. Semua orang ingin didatangi pengemis tua, yang diduga malaikat itu.

Situasi itu dimanfaatkan orang-orang desa dari bukit-bukit yang tandus. Terutama para lelaki tua. Mereka kontak beralih profesi dari petani jadi pengemis. Jumlah mereka terus bertambah, sampai ratusan. Bahkan, ribuan. Mereka berharap, bisa didatangi pengemis tua yang diduga adalah malaikat. Mereka pun ingin nasibnya berubah seperti Bu Ladrang.

Walikota kami tak keberatan dengan serbuan para pengemis. Dia malah menjadikan para pengemis sebagai objek pariwisata. Promosinya sangat gencar, hingga wisatawan-wisatawan domestik dan asing pun mengunjungi kota kami.

Kota kami pun akhirnya punya predikat mentereng: Kota Pengemis. Namun, pengemis yang diduga malaikat itu, ternyata tak pernah datang. Nasib warga kami tetap tak berubah ... □-d

\*) *Indra Tranggono, cerpenis dan esais*



hanya dalam beberapa detik saja, pengemis itu lenyap. Ia meninggalkan bungkusan. Bu Ladrang penasaran. Langsung membukanya. Ternyata isinya sebuah benda, mirip batu, yang bercahaya. Langsung warung Bu Ladrang dipenuhi cahaya.

“Dia bukan pengemis sembarangan.” Begitu kata Kiai Ma’ruf kepada Bu Ladrang yang datang menemuinya di pesantren.

“Hantu? Siluman? Atau apa, Kiai?” tanya Bu Ladrang.

Kiai Ma’ruf terdiam. Mulutnya komat-kamit. Lalu, menghela napas. “Saya menduga, pengemis itu sebenarnya malaikat yang diutus Tuhan untuk mendatangimu. Menguji keikhlasanmu Ö,” ucap Kiai Ma’ruf.

## MEKAR SARI

YEN weruh mobil angkutan barang perangan mburi ana tulisane ‘*pulang malu ga pulang rindu*’, Marwan mesem. Tau ngalami kaya ngono, nanging saiki ora. Malah duwe niat mulih kanthi ngungalake dhadha, ndangak. Arep wara-wara yen saiki Marwan uripe wis kepenak. Niyat umuk marang tangga teparo pawong mitra.

Biyen pancen arep mulih isin, nanging yen ora mulih kangen marga uripe ing paran isih rekasa. Saiki wis duwe omah duwe mobil. Kangen ya mulih, nganggo mobil senadyan ora anyar. Niyat pamer mula Riyaya Fitri iki dheweke mulih.

Dheweke kepengin pamer marang Mirah, sing biyen nampik tresnane. Sing marakake Marwan anyel ora kok olehe ditampik, yen kuwi barang lumrah. Sing marakake anyel jebul Mirah omah-omah oleh Jumadi, sing yen saka panyawange Marwan mung sejajar. Yen oleh wong sandhuwure, Marwan ora maido, lha mung oleh sing sejajar. Marwan mesthekake saiki Mirah kahanan ekonomine sangsore.

Mulih desa, wong tuwane seneng, Marwan teka karo bojone, jenenge Tari, lan anake loro. Mulih desa numpak mobile dhewe senadyan dudu mobil anyar.

Bubar salat Idul Fitri, ing pedhukuhan kono nganakake sawalan, ing latar mesjid. Salaman lanang padha lanang, wadon karo wadon. Luwih dhisik ana ikrar Sawalan wakil para anom ngaturake Sugeng Riyadi nyuwun pangapura marang para sepuh. Banjur wakil para sepuh diwakili dening Pak Dhukuh nampani atur ikrare wakile para nom-noman. Kabeh warga melu, klebu sing agamane beda.

Arepa wis ana acara Sawalan ing latar mesjid, kabeh warga pedhukuhan teka, nanging tetep ana sawetara warga sing banjur merlokake ujung menyang omahe sing luwih tuwa, minangka wujud ngajeni.

Ing Sawalan kuwi, mripate Marwan jlalatan mrana-mrene nggoleki Jumadi lan Mirah. Arep pamer nanging sing digoleki ora katon. Nganti tekan salam-salaman ora kepethuk. Marwan arep takon wong-wong ora kepenak. Wong tuwane Marwan sing saiki wis tuwa kuwi uga ora nggepok



senggol ngandhakake Mirah lan Jumadi. Kanggone wong tuwa, kuwi wis lelakan kepungkur sing wis ora perlu dicatur.

Nanging wusanane Marwan ora kuwat ngampet. Dheweke banjur takon marang Yanto.

“Saiki Jumadi karo Mirah manggone ana Semboja. Omahe ngarep pasar, sisan kanggo dodolan kebutuhan pedinan,” kandhane Yanto.

“Ah coba aku takdolan mrana,” kandhane Marwan.

Dodolan kebutuhan pedinan, Marwan nggambarake warung sembako. Dodol beras, gula, kopi, teh, sayuran, lan gas melon. Marwan dadi kepengin weruh. Semboja kidul desa klairane Marwan.

Dina candhake, Marwan menyang Semboja dhewe supaya olehe omong-omongan ora geguh pekewuh. Ora ndadak takon marang Yanto sing endi omahe Jumadi. Marwan mesthekake omahe ya warung sembako ngarep pasar.

Saiki desa mung jenenge, wujude malih kutha cilik, klebu Semboja. Dalane aspalan alus, pasare gedhe we-wangunane becik lan rame.

Ngarep pasar ana omah loro sing perangan ngarep kanggo bakulan.

Sing cilik katon warung sembako wis bukak. Sing gedhe isih tutup, cĕkrik mini market. Perangan mburi sajake dienggoni sing duwe. Latar sisih kiwa ana mobil sedan lan pickup.

Marwan mudhun saka mobil mara menyang warung sing dodolan sembako. Bakule lanang isih enom, takon Marwan arep tuku apa.

“Anu, kula ajeng kepanggih Pak Jumadi,” kandhane Marwan.

“Pak Jumadi niku mini market ngriku,” kandhane bakule.

“Pak Jumadi bojone Bu Mirah saking Kendhirejo?” Marwan nggenahake.

“Nggih leres,” wangsulane bakule.

Marwan setengah ora percaya, nanging dheweke jumangkah nyedhaki mini market, ana tulisane Mirah Mart. Marwan wiwit gojag-gajeg, sida pamer apa ora. Ngadeg ana ngarep mini market sing isih tutup. Marwan krasa Jumadi lan Mirah luwih makmur.

“Mas Marwan!”

Marwan kaget, dumadakan saka sisih kiwa mini market njedhul Jumadi, marani. Marwan dadi bingung, rasane kepengin mlayu wae nglungani. Nanging sikile krasa abot. □-d

Kaliajir Lor, Ramadan 1446 H.

## Oase

M. Rifdal Ais Annafis

BERKUNJUNG KE RUMAH NENEK

Semenjak pergi melihat kota ia sudah jarang berkunjung ke rumah nenek

Sepasang mata yang mudah basah ketika menampung regekannya sewaktu kecil tidak seluruhnya ia ingat

Bahasa terus memanjat daun telinga dan suara nenek memanggil-manggilnya

Ia memutuskan meninggalkan kesibukan kota untuk membuat peraturan serta iklan terbaru yang mengurus idealismenya dan ingin menjumpai nenek sekali lagi

Tetapi ia menyadari nenek sudah tidak mudah bicara panggilan lucu yang sering ia dengar juga perhatian kecilnya hanya dapat tumbuh di kepala

Perlahan ia tersenyum dan matanya basah memandangi rumah terakhir nenek di luar pagar rumah.

Yogyakarta, 2024

SUNGAI DI BELAKANG PEKARANGAN

Ia dan sepupunya pernah menghanyutkan daun mangga lalu bersorak sambil mengumpati kapal siapa yang tertahan

di sungai belakang pekarangan

Waktu itu hari mulai sore ia dan sepupunya melihat keajaiban masa kanak menyusun dunianya suatu kelak

Daun mangga muda yang ia sebut pinisi menelikung di kelokan batu dan mata ia menjadi ramai di bawah rimbun bambu

Sepupunya berteriak sedikit marah lalu menyumpahi masa depan karena daun mangga tua yang disebut-sebut pesiar tenggelam ditimpa arus sungai

Ia sedikit saja tertawa dan membayangkan ramalan semesta untuk mereka di suatu masa nanti

Yogyakarta, 2024

\*) *M. Rifdal Ais Annafis, Mahasiswa Teater ISI Yogyakarta ini menjadi pengarsip di Komunitas Kutub. Tulisannya terpublikasi di pelbagai media.*

## Geguritan

Bambang Nugroho

ISIH KETEMU

Puji syukur katur  
Marang kang kagungan wektu  
Dene ing dina anyar  
Esuk iki isih bisa ketemu  
Marang sliramu srengenge  
Sing ajeg sumunar  
Saka wetan mangulon,

Nadyan mega mendhung  
Kala-kala dadi pepalang  
Tetep wae ajeg lumaku  
Kanthi setya mituhu  
Mring dhawuh-Mu  
Urut dalan sing lempeng,

Ora kaya dalane lakuku lan lakumu  
Sing kala-kala isih nerak wewaler  
Mangka wus mangerti  
Dalan iku dudu dalan sing lempeng  
Mumpung isih ketemu  
Muga-muga bisaa tansaha lumaku  
Urut jroning dalan-Mu kang bener

Bangunjiwo, 1 Januari 2025

SORE IKI

Pengin dakglethekake awak iki  
Senadyan mung sedhela wae  
Ana ing emperane atimu  
Kanggo ngilangi rasa kesel  
Kanggo nguculi rasa kangen  
Kang wiwit wingi  
Tansah kebak umpeg-umpegan  
Dening maneka sesanggan,

Merga emperane atimu  
Katon sinawang asri  
Kaya tamane widadari  
Sing tansah jinaga tetep sumringah  
Mesm ora katon susah  
Gawe krasan tumrap kang lelungguhan  
Ing kursi-kursi cakrik lawas,

Pengin dakglethakake tenan awak iki  
Saupama kori sing kadhodhog  
Nganggo uluke salam tresna  
Kabuka kanthi legawa  
Supaya kesel lan kangen  
Gumanti dadi greget lan seneng.  
Ana ing sore iki

Bangunjiwo, Januari 2025